

Nimewo 116

DEKRÈ EGZEKITIF

POU PWOLONJE DEKLARASYON ETA DIJANS NAN KONTE BRONX, KINGS, NASSAU, NEW YORK, ORANGE, PUTNAM, QUEENS, RICHMOND, ROCKLAND, SUFFOLK, SULLIVAN, ULSTER AK WESTCHESTER

ALÒSKE, nan dat 26 oktòb 2012, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 47 pou deklare yon ijans akòz katastwòf nan tout 62 konte Eta New York; epi

ALÒSKE, nan dat 24 avril 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 98 pou pwolonje deklarasyon eta dijans nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan katrevendis jou; epi

ALÒSKE, nan dat 15 jiyè 2013, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 109 pou pwolonje deklarasyon eta dijans nan konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pandan katrevendis jou; epi

ALÒSKE, apati dat 29 oktòb 2012 ak pou yon peryòd ki kontinye annapre, Sipè Ouragan Sandy te pote van devastatè ak lavalas lapli ki koze inondasyon san parèy ak ond tanpèt grav nan tout Eta New York, kote sèten zòn toujou ap lite pou retabli; epi

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen, epi lè m finn konsidere tout evenman ak sikonstans

Haitian Creole

ki enpòtan yo, mwen deklare sitiyasyon dezas la, jan Dekrè Egzekitif Nimewo 47 la te deklare li epi te kontinye ak Dekrè Egzekitif Nimewo 98 ak 109, pral kontinye pou konte Bronx, Kings, Nassau, New York, Orange, Putnam, Queens, Richmond, Rockland, Suffolk, Sullivan, Ulster ak Westchester pou san ven jou.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan

Vil Albany, onzyèm jou mwa

oktòb ane de mil trèz.

GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a